

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Métođe jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Métođe Panalungtikan

Métođe dina wangenan anu leuwih jembar dianggap mangrupa cara stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun nganalisis runtuyan sabab akibat anu satuluyna. Salaku alat, sarua jeung téori métođe miboga fungsi pikeun ngabasajankeun, supaya leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem (Ratna, 2004: 34).

Arikunto (1996:150) nétélakeun yén métođe panalungtikan téh nya éta, cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, métođe nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métođe déskriptif. Saluyu jeung pamanggih Suyatna (2002: 14) anu nétélakeun yén métođe panalungtikan déskriptif téh nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu menangkeun ma'na implikasi. Dina ma'na nu lega ieu métođe téh digunakeun panalungtikan survéy.

Métođe déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun simbol jeung ajén falsafah dina kasenian kuda rénggong di Désa Parungsérab Kecamatan Katapang Kabupatén Bandung.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

- 1) Téhnik telaah pustaka, nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan, pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar téorétis anu aya patalina jeung ieu skripsi.
- 2) Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha prak-prakan kasenian kuda rénggong téh.
- 3) Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman kuda rénggong di lingkungan seni Cipta Kencana nu aya di Désa Parungsérab Kecamatan Katapang Kabupatén Bandung pikeun nyangking bahan lisan (sumber lisan), ieu téhnik téh salah sahiji bagian anu penting dina sateuapa survéy. Ieu hal téh geus diécéskeun ku Irawati Singarimbun anu dicutat ku Masri Singarimbun jeung Sofian Effénsi (1989; 192) nya éta:

Wawancara merupakan suatu proses interaksi dan komunikasi, dalam proses ini, hasil wawancara ditentukan oleh beberapa faktor yang berinteraksi dan mempengaruhi arus informasi, faktor-faktor tersebut ialah: pewawancara, responden, topik penelitian yang tertuang dalam daftar pertanyaan dan situasi wawancara.

3.2. Instrumen Panalngtikan

Sudjana (1991: 52) nétélakeun yén nu dimaksud instrumén panalungtikan téh nya éta, sakabéh alat atawa cara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu perlukan. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalngtikan nya éta:

1. Tapé Rékorder

Tapé rékorder digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara ka para seniman kuda rénggong di Désa Parungsérab.

2. Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan heularan kasenian kuda rénggong.

3. Pedoman wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman kuda rénggong di Désa Parungsérab Kecamatan Katapang Kabupatén Bandung.

3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan, nya éta sakabéh prak-prakan nu aya dina kasenian kuda rénggong di Désa Parungsérab Kec. Katapang; kayaning prak-prakanana, waditra, jeung sakabéh istilah dina ieu kasenian anu bisa ngarojong Ajén Falfsaah dina kasenian kuda rénggong.

3.4. Téhnik Ngolah Data

Data nu geus ngumpul hasil panalungtikan satuluyna dianalisis maké téhnik

dékriptif. Anu didéskrupsikeunnana nya éta prak-prakan kasenian jeung ajén falsafah sarta ajén pangaweruh naon nu pikeun pananggap seni (budak sunatan).

3.5. Léngkah-léngkah Panalungtikan

Aya opat léngkah anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta 1) tahap tatahar; 2) tahap ngumpulkeun data; 3) tahap ngolah data; jeung 4) tahap nyusun laporan panalungtikan

3.4.1. Léngkah-léngkah Tatahar

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan;

- 1) Nyodorkeun judul panalungtikan;
- 2) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 3) Ngayakeun suvéy awal;
- 4) Ngurus surat izin panalungtikan;
- 5) Konsultasi jeung pangaping;

3.4.2. Léngkah Ngumpulkeun Data

- 1) Observasi nalika helaran kasenian kuda rénggong di pagelarkeun;
- 2) Wawancara ka para seniman jeung anu aya pakaitanna dina éta kasenian;

3.4.3. Léngkah Ngolah Data

Data nu geus kakumpul diolah dumasar kana téhnik ngolah data, nya éta:

- 1) Mariksa data nu geus kakumpul;
- 2) Ngadéskripsikeun data; jeung
- 3) Nyieun kacindékkan data nu geus kapaluruh.

3.4.4. Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sacara sistematis dina wangun skripsi.

